ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№25 (23.995) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 3, гъбж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

# Мечиев Кязим и вагъуэ

**Балькъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа Мечиев Кязим и фэеплъ сын Налшык къалэ къыщыгъэІуахащ. Абы къырихьэлащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэр, усакІуэхэм и творчествэм дихьэххэр.**

ЗэІУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумахуэ Мухьэдин**. Ар тепсэлъыхьащ усакІуэм и гъащІэмрэ и творчествэмрэ. Абы къыхигъэщащ, балькъэр литературэм и къызэгъэпэщакІуэ Мечиев Кязим и тхыгъэхэр мыкІуэдыжын зыщыр ар къызыхэкІа лъэпкъым, къыщалъхуа лъахэм псэкІэ епхауэ зэрыщытыр зэрыарар.

- Лъэпкъ гъэщІакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэ Мечиев Кязим и ІэдакъэщІэкІхэр зэрыуахътыншэм и щыхьэтщ нобэ къызэІутх фэеплъыр. Мы гуфІэгъуэм къырихьэлІа псоми, абы и творчествэм дихьэххэми фІыщІэ фхузощІ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев МутІалип**.

- Кязим и творчествэм ди гъащІэм увыпІэшхуэ щеубыд. ИкІи къытщІэхьуэ щІэблэр и усэхэм щІэтпІыкІыныр ди къалэнщ. Абы и тхыгъэхэр лъэпкъ зэнибжьэгъугъэр егъэфІэкІуэным, гъэсэныгъэ я зэхуаку дэлъыным укъыхуезыджщ. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакІуэхэр Мечиев Кязим техуауэ сыт хуэдэ Іуэху ирагъэкІуэкІами жыджэру хэтщ. Абы и Іэдакъэщ Іэкіхэм ехьэлІа конференцхэри щыІащ, Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщІ къалэхэм КязимкІа щІэныгъэ лэжьакІуэхэр хэту. Теппеев Алим зэхуихьсауэ щыта, Мечиевым и архив фондыр ди институтым щыдохъумэ, - къыхигъэщащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщІ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Дзэмыхь Къасболэт**.

Тхьылъыр фІыуэ зыльагъуэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шинкарёвэ Наталье** Мечиевым и творческэ лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьащ. Усакіуэм и тхыгъэхэм къыщІэт Іуэхугъуэхэм, къызыхэкІа лъэпкъым игъэ гугъуехьыр, ахуэздэуи, зыхэпсэукІ зэманыр сыт хуэдэу хьэлъэу щытми, къэкІуэнум дахэ псоми зэрагъуэтыжынур и хьуэпсапІэу зэрыщытыр и тхыгъэхэм кьахэщырт.

Фэеплъ сыныр къызэІуахащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Мечиевым и къэрылъху Тауэкъарэ.

Мечиевхэ я лъэпкъым кьабгъэдэкІыу къэпсэлъащ усакІуэм и къэрылъху **Мечиев Таукъа**. Къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІа ныжь, абы къиІуэтэжащ Къэзахъстаным Кязим и хьэдэр къызэрырашыжа щыкІэр. Ар къызэзыгъэпэщауэ щыта КІуэкІуэ Валерий нобэ къытхэмытыжми, абы и Іуэхущ Іафэр зэращымыгъупщэр, апхуэдэуи Чеченов Ануаррэ Сэхъурокъуэ Хьэтийрэ а Іуэхур зэфІэхьыным куэд хащІыхьауэ зэрыщытари къыхигъэщащ.

**УЭРКЪ Жыраслъэн.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым

# Гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъоплъ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгуэхэм я фІагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ зэрырагъэфІэкІуэну Іэмалхэм.**

КъБР-м щыІэ МВД-м гъэзгу шынагъуэншагъэмкІэ и къэрал инспекцэм и Іуэхущ Іапі эм и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Кучмезов Дмитрий** жиІащ «Дорожная сеть», «Гъуэгухэм зэрызрагъэужь Іэмалхэр», «Гъуэгу шынагъуэншэ» федеральнэ проектхэр республикэм зэрыщагъэзащІэр.

2019 гъэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэхэр процент 25-кІэ нэхъ мащІэ хъущ, зи ныбжьыр илъэс 16-м нэмысахэр хэту къэхъуа ДТП-м я бжыгъэр - процент 11,6-кІэ. Къэпсэлъам къыхигъэщащ иужьрей мазитІым цІыхухэр хэкІуадэу къэхъуа транспорт зэжьэхэуэхэм я бжыгъэм уэзригъэгуэавэр. Абыхэм я нэхъыбэр къыщІэхьуам и щхьэусыгъуэу къагъэлъагъуэр гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэм зэрытемытырщ. 2020 гъэр къызэрихьэрэ хабзэр къыщыщэауда Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ мини 100-м щІигъу ятхащ.

Транспорт зэжьэхэуэхэр нэхъыбэрэ къыщыхъуа щІыпІэхэм ящыщщ Аруан, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэр. Абыхэм щыкІэльокІуэ Бахъсэн, Налшык къалэхэр, Май, Тэрч, Шэрдэж районхэр. Щытыкіэр щынэхъыфІу къагъэлъагъуэ Дзэлыкъуэ, Лэскэн щІыналъитІым.

Кучмезовым жиІащ статистикэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, республикэм и гъуэгу-транспорт хабзэм и Іуэхур зэрымыщІагъуэр икІи жыджэру абы елэжьын зэрыхуейр.

2019 гъэм административнэ къуэдыуэ автомашинэхэр зезыгъакІуэхэм хуатхар сом мелуан 385-рэ мэхъу. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкІэ, ДТП-м я нэхъыбэр кьохъу рулым зэрыдэтІысхьэрэ илъэситІ иримыкъуахэм я зэранкІэ. Абы кьеГъэлагъуэ автошколхэм зэрыщрагъаджэм арэзы уэрытемыхъуэфынур.

Кучмезовыр къытеувыІащ светофорхэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейми гъуэгум шынагъуэншэу зэрыщызекІуэным цІыхухэр къызэрыхуеджапхъэми.

**Егоровэ Татьянэ** гугъуехьхэм ящыщ зыуэ къигъэлъэгъуащ гъуэгу хабзэхэм цІыхухэм зэрыхамащыкІыр, абы и лъэныкъуэкІэ ныбжьыщІэхэм я деж щегъэжьауэ а Іуэхум хуегъэджэным гулъытэ хэха хуащІын зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Безгодькэ Владимир** къыхигъащащ гъэгум лъэсу зэпрыкІхэми нэщхьеягъуэ куэдрэ къызэрагъэхъур.

Депутатхэр къытеувыІащ республикэм и гъуэгухэм я шынагъуэншагъэм лъэпощхьэпо хузхъу Іуэхухэми. Абыхэм ящыщщ гъуэгухэм транспорт куэд зэрыщызэтрихьэр, светофорхэмрэ нэгъуэщІ техникэ Іэмалхэмрэ жьы зэрыхъуар, автошколхэм лэжьэну хуит зыщІ лицензэр зимыІэ зэрахэтыр, кІыфІ хъуа нэужь, лъэсу зекІуэхэм къызэрамыгъэсэбэпи я щыгъыным нэху зытридзэ пкъыгъуэхэр, нэгъуэщІхэри. Гулъытэ хэха хуащІащ гъуэгу зэпрыкІыпІэхэр иджырей мардэхэм тету зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейрэ.

КъаІэта Іуэхухэм ямкІ икІи КъБР-м и Парламентым и Президиумым къыхилъхьащ: автомобиль гъуэгухэм щІыпІэ шынагъуэ зДИэхэм нэхъ тКІийуэ щыкІэлъыпІынму, псом хуэмыдэу транспортхэм хуабжьу къызэражьхьым; цІыхухэр кьезышэкІ транспортхэм я щытыкІэр щІэх-щІэхьыурэ хъапщытэну; административнэ хабзэхэр зэпызыдэхэр къыщІэгъэщыным нэхъ жыджэру елэжьыну; сабийхэр гупу кьезышэкІ автобусхэм шынагъуэншэу гъуэгум тетыныр къызэрагъэпэщыну.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ УФ-м цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэрыщІэзэгъэпэщам, щэхуакІуэхэм я хуитынигъэхэр зэрахъумэм, электроэнергетикэм, нэгъуэщІхэми ятеухуа федеральнэ законхэм я проектхэм.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.***

## Налшык къалэм щэнхабзэ унэу тІу, зы къэфапІэ щыІэзрагъэпэщыж

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур 2022 гъэм ягъэлъэпІэнущ.**

А ГУФІЭГЪУЭМ зыхуэгъэхьэзырыным теухуауэ къащта планым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 2020 - 2022 гъэхэм кьрибудэу капитальнэу зэрагъэпэщыжынущ, къаГъэщІэрэщІэжьынущ Хьэсэней, Кэнжэ къуажэхэм дэт щэнхабзэмкІэ унэхэр.

Апхуэдэу, «ЩэнхабзэФ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ мы гъэм щІадзэнурэ къалэм и Къэбэрдей-Балъкъэр унэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэжьыжынущ икІи абы щыгъэкІуэкІынкІэ, жьалагъуэ хабзэмрэ жьилагъуэ щынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 гъэм фокІадзэм и 2-м къыдигъэкІа унафэ №240-ПП-мкІэ къиштам мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэжьІыныгъэхэр хэлъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий**

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Гъатхэпэм и 3, *гъубж***

**♦ТхакІуэм и дунейпсо махуэщ**

**♦ЩІыуэпс къабзэм и дунейпсо махуэщ**

**♦Гуапагъэ зэжеІэным и дунейпсо махуэщ**

**♦Сабийхэм яхуэгъэза нэтынхэр зыгъэхьэзыр телевиденэмрэ радиомрэ я дунейпсо и махуэщ**

**♦ТхьэкІумэм и узыншагъэм кІэлъыплъыным и дунейпсо махуэщ**

**♦1861 гъэм** Урысейм и пащтыхь Александр ЕтІуанэм Іэ щІидзащ цІыхухэр ягъэпщылІу мыдэным теухуа, хуит кьэхъуж мэкъумэшыщІэхэм я Іуэхур щыубзыхуа унафэм.

**♦1920 гъэм** Печатым и унэ Москва къыщызэІуахащ. Иджыпсту ар Журналистым и Унэ нэхъыщхьэращ.

**♦1991 гъэм** Латвиемрэ Эстониемрэ щІэупщІэныгъэ щекІуэкІащ Совет Союзым къыхэкІыжьыным теухуауэ. Латвием щыпсэуэхэм я процент 75-м нэблагъэр, Эстонием исхэм я процент 78-м щІигъур и телъхъэ хъуат я къэралхэр щхьэхуэ хъужьыным.

**♦1921 гъэм** кьалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ **Кьардэн Зэмахьшэрий**.

**♦**УсакІуэ, драматург **Мысачэ Пётр** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

**♦1938 гъэм** кьалъхуащ кинорежиссёр, продюсер, ЩІДАА-м и академик **Кьандур Мухьэдин**.

**♦1953 гъэм** кьалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зиІэ и артист **Молей Алихьан**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 13 - 15, жэщым градуси 2-3 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 4, *бэрэжьей***

**♦1846 гъэм** «Кавказ» газетым кьытрадзащ Къаз-Джэрий и «Зи щІыхьыр ин къэрал тетым деж» тхыгъэр.

**♦1918 гъэм** Тэрч ЦІыхубэ Республикэр къэунэхуащ.

**♦1921 гъэм** Абхъазым Совет властыр щагъэуващ икІи Абхъаз Республикэ къызэрагъэпэщащ.

**♦2012 гъэм** Путин Владимир Урысей Федерацэм и Президенту хахьжащ. Абы и пэкІи а къулыкъум ар пІалъитІкІэ тетащ.

**♦**Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор **КІуэкІуэ Тэлэдин** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

**♦1942 гъэм** кьалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессор **Щоджэн Вячеслав**.

**♦1948 гъэм** кьалъхуащ радиожурналист, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и журналист **Хьэмту Кьэдир**.

**♦1969 гъэм** кьалъхуащ къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м щыхь зиІэ и юрист, Къэбэрдей-Балъкъэрым экстремизмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмрэ пыщІа лэжьыгъэхэр щыпІэм щызэгъэуІунымкІэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 19 - 20, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ХЬЭТАУ Ислъамщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Мыщхьэх дахащІэщ.**

# Гъатхэпэм и 21-м щэбэт щІыхьэху ящІынущ

**КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ зи чэзу зэІущІэр.**

АБЫ щЫХЭПЛЪАЩ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Сабиигъуэм и илъэс пщІы бжыгъэхэр егъэкІуэкІынымкІэ КъБР-м и Правительствэм епхауэ Зэзыгъэ]ІУ совет кьызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. КъБР-м щыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу Іэуес** зэрыжиІамкІэ, дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуащ Советым и положенэмрэ абы хэтынухэм я щІэ-унэщІэхэмрэ.

- Зи гугъу тщІы Советыр къызыдогъэпэщ УФ-м и Президентым «Урысей Федерацэм сабиигъуэм и илъэс пщІы бжыгъэхэр гъэувыным теухуауэ» и Унафэр дгъэзэщІэн папщІэ. Абы ипкъ иткІэ республикэм и унафэщІхэр, жылагъуэ, щІэныгъэ, нэгъуэщІ лэжьакІуэхэр зэгъусэу дызэрызэдэлэжьэнур доубзыху. Апхуэдэуи Іуэхухэр зэрекІуэкІым жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэ иІэн хуейщ, - жиІащ К.Мумыкъум.

Республикэ унафэщІхэм гъатхэпэм и 21-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щэбэт щІыхьэху щыгагъэкІуэкІыну къызэрадащащ.

- КъБР-м Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ]кІэ ЗэщІэузэда Къаурхэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм, Пенсэм щысхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ Профсоюз Іуэхущ Іапі эхэм я федерацэмрэ къыхалъхьа жэрдэмыр ядэтІыгъыну тфІэкъабылщ. Щэбэт щІыхьэхум къыхэкІ ахъшэмкІэ защІэдгъэкъуэну ди мурадщ Хэку зауэшхэм хэтахэм, ныкъуэдыкъуэ хэхьухьахэм, апхуэдэуи зиІ] абы хэкІуэдахэм, - жиІащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим**.

- Мыпхуэдэ щэбэт щІыхьэхур гъэ къэс идогъэкІуэкІ икІи фыкьыхуэзодж ар нэхъ жыджэру, къызыхуэтыншэу къызэвгъэпэщыну. Си гугъэмкІэ, мы гъэм дунейми ди Іуэхур къыддиІыгъынущ, хуабэу щытынущ, - дыщІигъащ Мусуков Алий.

Щэбэт щІыхьэхум хэтынущ къэрал Іуэхущ Іапі э Іут псори. Абыхэм я зы махуэ улахуэр ветеранхэм хуагъэкІуэнущ. ЗэІущІэм къызэрыщыхагъэщамкІэ, мы зэманым республикэм зауэм и ветеран 97-рэ фызабэу 3-рэ щопсэу.

ЗэІущІэм зэхъуэкІыныгъэхэр щыхалъхьащ КъБР-м Финансэхэмкіэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ, Промышленностымкіэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министерствэхэм я коллегиехэм хэтхэм, республикэм жармыкІэхэр зэрыщрагъэкІуэкІ щІыкІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зэрызэрагъэпэщыжым, «ЕГЪэджэныгъэм и Іуэхуклэ» КъБР-м и Законым и проектым теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм.

Апхуэдэуи щІыналъэ унафэщІхэм яубзыхуащ республикэм гъэгу шынагъуэншагъэр кьыщыззгъэпэщыныкІэ КъБР-м и Правительствэм и комиссэм хэтынухэр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумахуэ Мухьэдин** утыку кьрихьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм комсомольр кьызэрыщызэрагъэпэщырэ илъэси 100 зэрырикъум ехьэлІа Іуэхухэр езыгъэкІуэкІыну комитетыр убзыхуным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр.

ЗэІущІэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдагъэкІа «Терроризмэм пэщІэтыным и Іуэхуклэ» Федеральнэ закон №35-ФЗ-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщагъэзащІэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэ щегъэкІуэкІынымкІэ, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэжьІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуклэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2020 гъэм мазаем и 19-м Налшык къалэ №28-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэ щегъэкІуэкІынымкІэ, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 гъэм фокІадзэм и 2-м къыдигъэкІа унафэ №240-ПП-мкІэ къиштам мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэжьІыныгъэхэр хэлъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий**

# Псы къиугъуэм зыхуагъэхьэзыращ

**«Россети Кавказ Ищхьэрэ» зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр электрокъарукІэ къызэзыгъэпэщ Іуэхущ Іапі эхэр хуигъэхьэзыращ псыр кьыщиу къэкІуэнум зэрыпэжьэнум. Цыхухэмрэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ зэблэу кьыхэмыкІыу электрокъарукІэ къызэгъэпэщыныр гъатхэ лъэхъэнэм нэхъ гугъу зэрыхъум кьыхэкІыу «Къэббалъкъэнерго» Іуэхущ Іапі эм и комиссэм кьищтащ а зэманым электросетыр тэмэму лэжьэн папщІэ зэфІэгъэкІын хуейхэр.**

ЭЛЕКТРОКЪАРУР зрикІуэ кІапсэхэм, энерго лІэужьыгъуэмкІэ жылагъуэхэр кьызэзыгъэпэщ Іуэхущ Іапі эхэм ящыщ куэд псы Іуфэхэм щыІэщ икІи кьуршыпсхэр кьыщиум деж абыхэм зэранигъэ я гъуэтынкІэ хъунущ. Кьапщтэмэ, Кьэхъунрэ Анзорейрэ зэпызыщІэ электролинэхэр Шэрэдж псыхъуэм хуозэ. Апхуэдэу Шэджэм псыхъуэм хеубыдэ Налшык и псы кьыщІэшыпІэм екІуалІэ, Шэджэм ЕтІуанэмрэ Лашынкъейрэ зэпызыщІэ кІапсэхэр. Ахэр зыпыщІа пкъохэм ящыщ куэдым я лъабжьэхэр ягъэбыдащ икІи ГатхэкІ зэманым нэхъ хэхауэ якІэлъэплъынущ.

Энергетикэм зэпымыуэ къаІэрыхьэнущ псыр кьызэриум, псыщхьэхэм ятІэпсхэр кьызэрыщІехым теухуауэ МЧС-м игъэкІыжьэзыр информацэр икІи абыхэм ябгъэ иткІэ Іуэхум и щытыкІэм жэщми махуэми кІэлъыплъынущ.

Зыхуеину техникэр, автомашинэхэр, Іэмэпсымэхэр зэрылэжьэнум хуэхьэзырщ. Апхуэдэу къапщытащ электросетхэр зэзыхьэ, ахэр зэзыгъэпэщыжь бригадэхэм зэрызыпащІэ Іэмэпсымэхэр. Іуэхущ Іапі э псомиз щылажьэхэр аргуэру зэ щыгъуазэ ящІащ Іэнатіэм шынагъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщымыгъэхъуным, гуэзвэгъуэ хэхуахэмрэ фэбжь зыгъуэтахэмрэ зэрыдэІэпыкъу щІыкІэм теухуа хабзэхэм.

**ТЭНАЩ Анатолэ.**

● Дифі догъэлъапІэ

# Мэкъумэш щІэныгъэм и лъабжьэр зыгъэпытылъа еджагъэшхуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и егъэджакІуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор КІуэкІуэ Тэлэдин Нахъуэ и къуэр ди щІыналъэм и зыужьныгъэм игъэпелІэт, абы и къэкІуэнум псэ хьэлэлкІэ хуэлажьэ лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэхэм ящыщ. ЕхъулІэныгъэ и1эу иригъэкІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэм ещхьэкІуэу, Тэлэдин егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхуми и гуащІэшхуэ ирихьэлІащ.**

КІуэкІуэ Тэлэдин

КІУЭКІУЭР 1940 гъэм гъатхэпэм и 4-м Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Малкэ къуажэм щыпсалъэуащ. ЩІэныгъэм пщІэ щыхуащІ, абы и мыхьэнэр лъагэу щалъытэ унагъуэт Тэлэдин зыхалъхуар. И адэ-анэу Нахъуэрэ Сэлимэтрэ гъащІэм дэгуэгурыкІуэ, псэукІэщІэм и тельхъэ икІи и ухуакІуэ щыху жьыдэхэр щытащ, лъэкІыныгъэу я1эри къащІэхъуэ щІэблэм щІэныгъэ, Іэщ1агъэ ирагъэгъэтыным хуагъэпсауэ. КъехъулІащ зэщхьэгъусэхэм я хъуэпсапІэр: я къуэзэу Жэмалдин, Тэлэдин, Хьэсэнбий, япхъу закъуэ Тамарэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ, зэрыпсэуфын, фІыуэ я1ьагъу Іэщ1агъэ я1эу гъащІэм хагъэувэфащ, псом ящхьэрати, хьэлщэн дахэ, лъэпкъ гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъу ахэр ягъэсэфащ.

Къуажэм дзт курыт школыр екъулІэныгъэ и1эу къиуха нэужь, 1958 гъэм Тэлэдин еджэным щыпищащ КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым. Зоотехник Іэщ1агъэм хэлъ щэхуэм щыгъуазэ зыхуищІащ щІалэщІэм фІэхьэлэмэту. Іэщ гъэхъуныр ди щІыпІэм щефІэкІуэн папщІэ щІэныгъэлІэхэм ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэми пасэу дихьэхащ. Тэлэдин жьыджэру хэтт еджапІэм къыщыззрагъэпэщ студент щІэныгъэ семинархэм, конференцхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. Абыхэм я утыку кырилъэрт зоотехнием пыщІа Іуэхугъуэ зэмылІэужьныгъуэхэм ехьэлІауэ и1э епльыкІэхэр. Абы и мурадт, еджэныр зэфІэкІмэ, я1эщІыкІэ заулрэ хозяйствэхэм щылэжьэну, Іуэхур зыІутыр, абы хэлъ узыгъэпейтейхэр и нэкІэ зригъэзыгъэн, хэкІыпІэкэ къыльхьуэн щхьэкІэ. Апхуэдэуи хъуащ, 1963 гъэм университетыр къэзыІуха КІуэкІуэр зоотехникыу, итІанэ зоотехник нэхъыщхьэу илъэситІкІэ щылэжьащ Іэщ гъэхъунымкІэ ди республикэм щыпашэхэм хальытэ Каменномост къуажэм щызэхэт хозяйствэм.

Іэщ лъэпкъыфІ къэгъэхъунымкІэ абыхэм ирагъэшх Іуэсыпхъэм минерал зэхуэмыдэу хэлъыпхъэхэм я мардэр кьихутэу, абыхэм мыхьэнэуэ я1эр зригъаІцэу лэжьыгъэр ирихьэкІащ Тэлэдин. Апхуэдэу илъэситІкІэ хозяйствэм щылъ нэужь, щэныгъэм хуэнэхъуеиншэ Іэщ1агъэлІ щІалэм мурад ищІащ и Іэщ1агъэмкІэ и1э зэфІэкІхэм нэхъри хигъэхьэну икІи 1965 гъэм и бжьыхьэм ар щІэтІысхьащ Владикавказ дзт мэкъумэш университетым и аспирантурэм. 1968 гъэм КІуэкІуэм игъэхьэзыращ и кандидат лэжьыгъэр икІи екъулІэныгъэ и1эу пхигъэкІащ. Иджы ар мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат хъуат, егъэджакІуэуи ди университетым щыІут. 1981 гъэм КъБКъМА-р кьиззІуаха нэужь, КІуэкІуэм и лжьыгъэм абы щыпищащ, и доктор диссертацэм пыщІа къэхутэныгъэхэр иублащ.

Кафедрэм и аспирантру щІэзыдза щІалэщІэр, и зэфІэкІхэм нэхъри зэрыхигъахъуэм елытауэ, хъуащ кафедрэм и щІэныгъэ ассистент, егъэджакІуэ нэхъыжь, доцент. И доктор диссертацэр екъулІэныгъэ пхигъэкІа нэужь, КІуэкІуэм къыфІащащ мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор цІэ льапІэр. ИужькІэ кафедрэм и унафэщІ, зыщІалажьэ факультетым и деканым и кьуэдзэ кьалэнхэри кьыхъуэхъащ.

И къэхутэныгъэ купщІафІэхэр, мэкъумэш Іэнатіэм абыхэм щалэ мыхьэнэр кьалытэри, 1994 гъэм КІуэкІуэм къыфІащащ профессор цІэр икІи КъБКъМА-м щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректору ягъэуващ. ИлъэсихкІэ а къулыкъур зэрихьащ Тэлэдин, дзыхь кьыхуащІа унэтІыныгъэр иригъэфІакІуэу, екъулІэныгъэхэр зыІэригъэхьэу. ЩІэныгъэлІым и1э зэфІэкІымкІэ гудзакъэмрэ я фІыгъэкІэ, академием кьыщыщІэрэщІэжауэ щытащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр, абы еджэнымрэ, ди щІыпІэм щефІэкІуэн папщІэ щІэныгъэлІэхэм ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэми пасэу дихьэхащ. Тэлэдин жьыджэру хэтт еджапІэм кьыщыззрагъэпэщ студент щІэныгъэ семинархэм, конференцхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. Абыхэм я утыку кырилъэрт зоотехнием пыщІа Іуэхугъуэ зэмылІэужьныгъуэхэм екъул

# Адыгэ лІыхъужьхэр 75

## Борэжь и къуэ Хъусен

**Илъэс тІощІрэ зым хыхьа къудейт Андырхъуей Хъусен зауэр эщыхъеяе махуэм. Дзэм ираджауэ къулыкъу ищІэрт абы, 733-нэ фочауэ полкым и 2-нэ ротэм и политрук ІэнатІэр къыхуагъэфэщауэ. Зыри пэпльатэкъым зауэм, хьэщэхурыпхъуэм зэрихабзэу, фашистхэр, я псалъэм епцІыжри, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 22-м ди къэралым къытеуащ. Мейкъуапэ пэмыжыжьэ абзэзэхэ къуажэм, Хьэкурынэхьэблэ, къыщалъхуа адыгэ щІалэри пэпльакъым зауэм. Абы и нэгу щІэтыр зыщалъхуа къуажэрт, и Іыхьлыхэрт, зыдеджа и ныбжьэгъухэрт - дзэ къулыкъур зэфІэкІмэ, яхьыхьэжынут абыхэм, и хэкум игъэззэжынурэ, зыми пимыщІ Іэщіагъэм ирилэжьынут: ар усакІуэщ, и усэхэр щІэх-щІэхьыурэ традзэ Адыгейм къыщыдэкІ газетхэм...**

ХУНЭСАКЪЫМ абы: зауэ гущІэгъуншэм и мафІэ лыгъэр къыщыльдащ къэрал гъунапкъэм, нэмыцэ фашистхэр, хьэщхьэрыІуэ хьауэ, хэкум къижьгъащ.

Андырхъуей Хъусен зыхэт 136-нэ дивизэр 1941 гъэм фокІадэм и 20-м Ростов и Іэшэльашэм Іэпхъуащ. Абы щыгъуэ Дон губгъуэхэм зауэ гуащІэ щекІуэкІырт, Кавказым къыхуеІэ бийр къатезэрыгуауэ. Дивизэр нэмыцэхэм япэуващ фокІадэм и 29-м: ахэр зэтригъэувыІащ, зэхикъутэри иригъэкІуэтыжащ. А махуэм ди зауэлІхэм къагъэлъэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ щытепсэльыхьым, абы и командирым и псальэм къыхэщащ политрук Андырхъуей Борэжь и къуэ Хъусен цІэр. Бийм удынышхуэ езыдза зауэлІ хахуэхэм ящыщт ар.

Ипщэ фронтым и Іуэхур хэпльэгъуэ хъуат: цІыхурэ Іэщэкіэ къебэкІ бийр къебгъэрыкІуэ зэпытти, Дзэ Плъыжьыр къикІуэтырт, бийм хэщІыныгъэшхуэ иратурэ. Нэмыцэхэм яубыд къалэхэр, къуажэхэр зэтрагъасхьэрт, лажьэ зимыІэ цІыхухэр зэтракІэрт.

733-нэ фочауэ полкри къикІуэтын хуей хъуащ, зэщІэкІуэри, полкым Нагольнэ псым и Іуфэм зыщигъэбыдащ. ЕтІуанэ фочауэ ротэм Дьяковэ къуажэм и Іэшэльашэм зыщигъэбыдащ, псым телъ лъэмыжым пэмыжыжьэу. Андырхъуей Хъусен и ротэм къалэн къыщащІащ: бийр псым къызэпрыбмыгъэкІ. Ар пхузэфІэкІын щхьэкІэ, зэрыжаІэщи, «щым зыщІэвэни хуейт», бжьыхьэ щыІэри зыхамыщІэжу, ротэм и зауэлІхэм щІытІхэр ягъэхьэзыращ, топхэр, лагъым зэрадз Іэщэхэр льэмыж дакъэм щыхасащ.

Жэщкіи махуэкіи къахэкІыртэкъым Андырхъуей Хъусен ротэм и зауэлІхэм: ягу фІы яхуищІырт, лІыгъэ яхэлъын зэрыхуейр, я адэанэхэр, я шыпхъуэхэр, я щхьэгъусэхэр я щІыб къызэрыдэтыр ягу къигъэкІыжырт. Псоми ягъэщІагъуэрт: «Дапщэщ ди политрукыр щышхэри щыжейри - жэщми махуэми етІысхьыркъым».

Батальоным и комиссарым ириджащ политрукыр.

- Зауэ гущІэ къытпоплъэ, - къыкриІащ абы. - Уи ротэм къыльыса Іэнатіэр нэхъ шынагъуэ дыдэхэм ящыщщ - бийм къаруушхуэ къиунэтІынкІэ хъунущ абыкІэ: лъэмыжым къимыкІмэ, нэмыцэ танкхэм нэгъуэщІ кІуапІэ ягъуэтынукъым, ар зэрарубыдынум и ужь итынущи, фатемыплъэкъукІ, танкхэр къаутІыпщмэ, лъэмыжыр къэзгъауэ, псым ахэр къызэпрыбгъэкІ хъунукъым...

Ар жыІэгъуафІэщ: зы танк къызэпрывгъэкІ хъунукъым... Политрукми ещІэ абы мыхьэнэшхуэ зэриІэр - ротэм къыльыса Іэнатіэм куэд зэрельытар: нэмыцэхэр абдеж щызэтраІыгъэху, дивизэр здикІуэта щІыпІэм иззгъэнущ, зигъэбыдэнурэ бийм къыпэувынущ...

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІ хъуауэ, пшэр зэкІэщІихури, бжьыхьэ дыгъэм и бзий махэр Дьяковэ къыдэпсащ. Къуажэм щхьэщытщ уэнэжакъэм кърику Іугъуэ сырыхур. Хъусен и нэгу къыщІыхьэжащ езыр къыщыхьуэ жьлэр - Хьэкурынэхьэблэ. И нэгу къыщІэуващ къуажэм къыдина и анэр, и Іыхьлыхэр, и ныбжьэгъухэр, фІыуэ илъагъу пщащэ дахэр... Сыт я дуней абыхэм иджыпсту, сыт ягъахъэрэ? Дауи, псоми я гур здэщыІэр зауэрщ, аращ я щхьэм илъ зэпытыр. ЯльэІэсынкІэ хъуну абыхэми зауэ гущІэгъуншэр? Хьэуэ, ар къэмыхъун щхьэкІэ, Хъусен зэблэн щыІэкъым, и псэр итын хуей хъуми, къызэфІэнэнукъым...

Нэмыцэхэр къызэрехьэжащ, топышэр зыкъомрэ къытракІута нэужь, мацІэм хуэдэщи, къызэрохь, танкхэм зыкъуадзэуэрэ. Шэр, лагъымыр къытолъалъэ Хъусен и ротэм - ротэм и нэхъыбэр укІыгъэ хъуащ, ауэ бийр лъэмыжым кърагъэкІакъым. Нэмыцэхэм ар щаухуэфІэкІам ротэм къыхэнэжа щыІэтэкъым: хэт уІэгъэщ, хэт укІыгъэщ. УІэгъэ хъуащ Хъусени: и блэгъуклэр шэм икъутащ.

Пшапэр зэхэуауэ, нэмыцэхэр псым къызэпрыкІри, Хъусен къаувыхьащ. Пулеметкіэ яхэуэурэ, политрукым ялэ къища фашистхэр зэтриукІащ. Андырхъуейм шэр къыІэщІэухащ, нэмыцэхэр етІуанэу кьебгъэрыкІуащ. Зы гранатэ закъуэ къыхуэнэжати, ар кьищтэри, Хъусен къызэфІэуващ.

- Урыс, зыкъэт! - зэхихащ абы.

- Урысхэм затыркъым! - ар жери, гранатэр яжьэхидзащ политрукым къытегуплІа фашистхэм.

Апхуэдэу итащ Андырхъуей Хъусен и гъащІэр. Илъэс тІощІрэ зырэт зауэлІ хахуэм и ныбжьыр...

АДЫГЭ щІалэм зэрихьа лІыгъэм и хъыбар фронт псом щыІуащ, ар щапхъэ яхуэхъуащ хэкум и хэмакІуэ зауэлІ куэдым. Хъусен зыхэта полкым и комиссар Шемяков Борис зауэлІхэм я пащхьэм мыпхуэдэ псалъэ щыжиІауэ щытащ: «Ди полкым и Бэракъ плъыжьым и пащІэр лъагэ зыдэхъуа лІыхъужьхэм дрогушхуэ дэ. Уэрэд хуауснчщ политрук Андырхъуей Хъусен зэрихьа лІыгъэм. Адыгейм щыщщ а лІыхъужьыр. Гурэ псэкІэ фІыуэ илъагъу Хэкурщ абы и гъащІэр зыщІитар. Бийм пикІуэтакъым ар, уІэгъэ хьэлъэ хъуарэ пэт, лъы ткІуэпс къыщІэмынэжьыху, Іэщэр игъэтІылъакъым. Андырхъуейм и псэр зыщІита Хэкум зэи щыгъупщэнкъым лІыхъужьым и цІэр».

Дьяковэ къуажэм деж щызэрихьа лІыгъэм папщІэ Андырхъуей Хъусен Борэжь и къуэм Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащащ. Адыгэ щІалэрщ СССР-м и тхакІуэхэм ящыщу а цІэ лъапІэр ялэ дыдэ зыфІащар.

Дивизэми пщІэшхуэ хуищІащ адыгэ лІыхъужьым: абы и цІэкІэ зы снайпер фоч хахри, фочым мыпхуэдэ тхыгъэ традзащ: «Совет Союзым и ЛІыхъужь Андырхъуей Хъусен и цІэкІэ». А фочыр зыхуагъэфэщэнур Андырхъуей Хъусен хуэдэу хахуэу зауэ, лІыгъэ зыгъэлъагъуэ зауэлІхэрт.

Сталинград деж зауэ гуащІэ щекІуэкІырт абы щыгъуэ. Индыл Іуфэ щызауэрт Андырхъуей Хъусен зыхэта дивизэри. Абы щыщ фочауэ шэрыуэхэр - снайперхэр зэхуашэсащ дивизэм и унафэщІхэм. «Дэ, Сталинград и хъумакІуэхэм, къэрал псор къыткІэльопль иджыпсту икІи къытщогугъ, - жиІащ дивизэм и унафэщІым. - Бийм зы пъэбакъуэкІэ дыпикІуэт хъунукъым, къалэр фашистхэм едмыгъэубыдын щхьэкІэ, ди псэ деблэжьынукъым. АбыкІэ щапхъэ зытетх хъун зауэлІ хахуэ куэдым я цІэ къиІуэфынущ. Псом ялэ зи цІэ къиІуапхъэр политрук Андырхъуей Хъусенщ».

Адыгэ щІалэ хахуэм и цІэкІэ хаха снайпер фочыр а махуэм ираташ фочауэ шэрыуэхэм ящыщ зым - Ильин Николай Яков и къуэм. Андырхъуей Хъусен и цІэр зытраІуа фочыр щратым, абы жиІащ: «Си тхьэлъанэщ Совет Союзым и ЛІыхъужь Андырхъуей Хъусен хуэфащэу сыкъыщІэкІынкІэ. Си къаруми си гъащІэми себлэнкъым, фашистхэр ди Хэкум игъэкъэбзыкІа хъун папщІэ».

А псалъэр игъэпэжащ фочауэ хахуэм. Андырхъуей Хъусен и фэеплъ фочыр кърата нэужь, етІуанэ махуэм Ильин фашистибгъу Іуиплащ, къыкІэльыкІуэ махуэм - аргуэру фашист пщыкІубл. Сталинград деж щызазуэрэ, махуэ пщыкІузым фашист 95-рэ иукІащ.

Сталинград фронтым цІэрыІуэ щыхъуащ Андырхъуей Хъусен и фэеплъ фочым иризауэ снайпер шэрыуэ Ильин Николай. 1942 гъэм щэкІуэгъуэ мазэм ирихьэлІэу абы зэтриукІа фашистхэм я бжьыгъэ 216-м нэсащ, 1943 гъэм и пэщІэдзэм а бжьыгъэ 300-м щІигъуат. Снайпер хахуэм ита псалъэр игъэпэжащ: зы махуи игъэхьэулеякъым абы Андырхъуей Хъусен и фэеплъ фочыр.

Бийр Сталинград деж щызэкакъутэри, Донской фронтым и зауэлІхэр ебгъэрыкІуащ. Зауэ гуащІэ куэдым лІыгъэ щызэрахьащ Андырхъуей Хъусен зыхэта фочауэ дивизэм. Ар щызэуащ Орел, Белгород къалэхэм, ахэри, нэгъуэщІ къалэ куэди фашистхэм къаІэщІэзыхьажа зауэлІ хахуэхэм ялэ итащ. Абы щыгъуэ Ильин Николай Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащакІэт. Андырхъуей Хъусен и цІэр зыфІаща фочыкІэ фашист 494-рэ иукІауэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь Ильин Николай 1943 гъэм и гъэмахуэ мазэм зауэм хэкІуэдащ.

Фашист 494-рэ хэзыгъэщІа фочым тратхащ Ильин Н. Я. и цІэри. Снайпер хахуэр щыщІалъхьа махуэм фочыр Іэщіалъхьащ фочауэ шэрыуэхэм ящыщ зым - Гордиенкэ Афанасий. «Совет Союзым и ЛІыхъужьхэу Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ я цІэкІэ» - апхуэдэ тхыгъэ тетт Гордиенкэ Іэщіалъхьа фочым. ЗауэлІхэм я пащхьэ иувэри, абыи псалъэ итащ:

- Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ ялъ сщІэжыну фыкъызэгъэгугъэ, ди Хэкум и хуитыныгъэм папщІэ схузэфІэкІ сщІэнщ, си гъащІэм себлэжьынкъым, фашистхэм сащысхьыныкъым.

Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ я фэеплъ фочымкІэ Гордиенкэ Афанасий Ефим и къуэм фашист 424-рэ хигъэщІащ.

Фашист миным щІигъу зэтраукІащ Ильинрэ Гордиенкэрэ Андырхъуей Хъусен и фэеплъ фочымкІэ. Зауэм и мафІэ лыгъэм къелащ лІыхъужьхэм я фоч цІэрыІуэр: нобэ ар щахъумэ Урысей Армэм и Музей Нэхъыщхьэм.

**ГЪУКІАКЪУЭ Инал.**

Андырхъуей Хъусен

Ацумыжь Айдэмыр

Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий

Куэш Алий

Нэхей Даут

## Ацумыжь Айдэмыр

Ацумыжь Айдэмыр хы Іуфэм Іус Шахэкіей шапсыгъ къуажэм 1912 гъэм къыщалъхуащ.

Бийр Кавказ Ищхъэрэм къэблэгъауэ, Псыжь щыпсэухэм шуудзэ корпус къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хыхьащ Ацумыжь Айдэмыри.

Шапсыгъ щІалэр зыхэт шуудзэм Кавказым къиужьгъа бийм хэщІыныгъэшхуэ ираташ 1942 гъэм и гъэмахуэм. Абы щыгъуэ Айдэмыр къратащ «Хэку зауэ» орденым и ялэ нагъыщэр.

Новкус-Артезиан щыуэжэм деж (Псыжь губгъуэ) зауэ гуащІэ щекІуэкІащ 1942 гъэм. Абдежми лІыгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ адыгэлІым: ар зыхэт батареем нэмыцэ танк, топ куэд икъутащ, фашист куэди зэтриукІащ. А зауэ гуащІэм хэкІуэдащ езы Айдэмыри. Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр абы 1943 гъэм къыфІащащ.

ЛІыхъужьым и цІэр фІащащ ар къыщалъхуа шапсыгъ къуажэм дэт еджапІэм, фэеплъи щыхуагъэуващ Шахэкіей.

## Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий

Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий Адыгейм щыщ Льостэнхьэблэ 1919 гъэм къыщалъхуащ, абы щыгъэхэт колхозым щылэжьащ.

1940 гъэм дзэм ираджащ, Хэку зауэшхуэм и ялэ махуэм щыщІэдзауэ фронтым Іутащ. Миномёт батареем хэту лейтенант нэхъыжь Бжьыхьэкъуэм зауэ Іуэгуанэ кІыхь зэпичащ. 1941 гъэм Москва бийм щызэхъума зауэлІ хахуэхэм яхэтащ Бжьыхьэкъуэр. Ар Харьков, Полтавэ, Смоленск къалэхэм деж щызэуащ, Одер псым ялэ зэпрыкІахэм ящыщщ, Эльбэ псым дежи лІыгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ. Зауэм щызэрихьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий «Бэракъ Плъыжь», «Хэку зауэ», «Вагъуэ Плъыжь» орденхэр, медаль зыбжанэ къратащ.

Одеррэ Эльбэрэ деж щызэрихьа лІыгъэм папщІэ Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.

1968 гъэ пщІондэ дзэм къулыкъу щищІащ абы, полковник цІэр зэрихьэу. 1991 гъэм Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий дунейм ехыжащ.

## Куэш Алий

Куэш Алий 1922 гъэм Блашэпсынэ къэбэрдей къуажэм къыщалъхуащ. 1941 гъэм и бжьыхьэм фронтым Іухащ, ялэ, етІуанэ Украин фронтхэм, ялэ Белорус фронтым хэту бийм езэуащ.

Алий зыхэт сапер батальоным фашистхэм я танк куэд щакъутащ Миус псым и Іуфэм, лІыгъэшхуэ къигъэлъэгъуащ ди дзэр Днестр щызэпрыкІым щыгъуи. 1944 гъэм Куэш Алий къыфІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр.

Зауэ нэужьым Куэшыр Мейкъуапэ щыпсэуащ, Іэнатіэ зыбжанэм пэрытащ. 1971 гъэм дунейм ехыжащ. Блашэпсынэ щагъэуващ къэбэрдей адыгэ лІыхъужьым и фэеплъ сыныр, а къуажэм дэт курыт еджапІэм абы и цІэр зэрехьэ. Блашэпсынэ и узрамхэм ящыщ зыми фІащащ Куэш Алий и цІэр.

## Нэхей Даут

Нэхей Даут Адыгейм щыщ бжьэдыгъу Уэчэпший къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ, педагогикэ еджапІэр къиухри, къуажэ школым щылэжьащ. 1939 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ.

Хэку зауэшхуэм и пэ махуэм щыщІэдзауэ бжьэдыгъу щІалэр хэтащ, лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьиГъэлъагъуэу. Даут зи пашэ батальоныр Вислэ псым ялэ зэпрыкІахэм ящыщщ. Генерал-полковник Колпакчи итхауэ щытащ: «Нэхейр зи пашэ батальоным бийр зэхикъутэри, ди дивизэм гъэгу къритащи. Даут и батальоным лІыгъэ щызэрихьащ къалэбыдапІэ Познань дежи. Батальоным и командир Нэхей Даут абы щхьэкІэ къыфІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр. АдыгэлІ хахуэм къратащ Бэракъ Плъыжь, Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэ орденхэри.

1946 гъэм дзэм къыхэкІыжри, Нэхей Даут зыщалъхуа къуажэм къигъэзэжащ, егъэджакІуэу, курыт школым и унафэщІу лэжьащ. 1955 гъэм дунейм ехыжащ.

## Тхьэгъуш Исмэхьил

Тхьэгъуш Исмэхьил хы Іуфэм Іус Куэдэщхьэпэ шапсыгъ къуажэм 1921 гъэм къыщалъхуащ. Къуажэ школыр къиуха нэужь, колхозым щылэжьащ. 1940 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ.

1942 гъэ лъандэрэ фронтым Іутащ Тхьэгъушыр, ар и лІыгъэрэ хахуагъэкІэ щІэх дыдэ цІэрыІуэ щыхъуауэ щытащ езыр зыхэт полкми, полкыр зыхыхьэ дивизэми.

Тхьэгъуш Исмэхьил лІыгъэ ин щигъэлъэгъуар ди дзэр Днепр псым щызэпрыкІым щыгъуэщ. Бийм шэр къытрикІутэми, лейтенант Тхьэгъушым и ротэр Днепр зэпришын хуэзфІэкІащ. Псым и ижьырабгъу нэпкъым зыщагъэбыдэри, абыхэм нэмыцэхэм ебгъэрыкІуэ дзэм гъэзгу ираташ. Шапсыгъ хахуэр 1944 гъэм зауэм хэкІуэдащ.

Тхьэгъуш Исмэхьил Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр 1943 гъэм къыфІащащ. Абы и цІэр зэрехьэ зыщалъхуа къуажэм дэт еджапІэм, фэеплъи абы щыхуагъэуващ.

## ФІыцІэ Іэбубэчыр

ФІыцІэ Іэбубэчыр Адыгейм щыщ Банэхэс къуажэм 1912 гъэм къыщалъхуащ. Шапсыгъщ. Зауэм кІуа нэужь, Керчь, Таганрог, Мариуполь деж щитІысыкІа десантым хэтащ.

ФІыцІэ Іэбубэчыр Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыщІыкфІащар Николаев къалэр хуит къыщащІыжьым зэрихьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэщ: а къалэм и кхъуэ тедзапІэр яубыдын папщІэ, десант ирагъэтІысыкІауэ щытащ, зауэлІ 67-рэ хъууэ; абы хэтащ адыгэлІ хахуэри. Кхъухь тедзапІэр яубыдри, ди сэлэтхэр бийм пэщІэтащ, ди дзэр ялъэІэсыху.

Десантым хэтам щыщу псэууэ къэнар цІыкІутІщ; ФІыцІэ Іэбубэчыр уІэгъэ щыхъащ абдежым, ауэ и пщэ къыдалъхьа кьалэнэр игъэззэщІэн хузэфІэкІащ. Кхъухь тедзапІэр зыубыдауэ щыта зауэлІхэм псоми къыфІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр. Николаев къалэм дэж Ингул псым и бжьэпэм нобэ тетщ абыхэм я фэеплъ.

Адыгэ щІалэр 1944 гъэм зауэм хэкІуэдащ. ФІыцІэ Іэбубэчыр и цІэр фІащащ езым и къуажэ Банэхэс дэт курыт еджапІэм.

## Щхьэкіумыдэ Мэсхьуд

Щхьэкіумыдэ Мэсхьуд Банэхэс къуажэм 1916 гъэм къыщалъхуащ, къуажэ еджапІэр къиуха нэужь, колхозым щылэжьащ. 1941 гъэм и гъэмахуэм фронтым кІуащ, Москва зыхъумахэм яхэтащ, Ржев, Ленинград деж щызэуащ. Псков, Новгород, Ригэ къалэхэр хуит къызыщІыжахэм ядзэзуащ.

Псков хуит къыщащІыжьым щыгъуэ зэрихьа лІыгъэм папщІэ шапсыгъ щІалэм къратащ «Славэ» орденым и етІуанэ, ещанэ нагъыщэхэр. А орден лъапІэм и ялэ нагъыщэр Щхьэкіумыдэ Мэсхьуд 1945 гъэм къыхуагъэфэщащ.

Зауэ нэужьым Щхьэкіумыдэр Кърым куейм щыщ Виноградненэ жьлэм дэсащ, жьзумгъэкІ бригадэм и унафэщІу щытащ, абы щыгъуэ къратащ Октябрь революцэм и орденри.

Щхьэкіумыдэ Мэсхьуд 1971 гъэм дунейм ехыжащ.



● Фэеплъ

# Зи хъэтI зиIэж

**Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, а псом нэмыщIыжуи, драматург, публицист Iэзэ Мысачэ Пётр кIыхьэралъхурэ илъэс 90 ирокъу. Аруан щIыналъм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм 1930 гъэм гъатхэпэм и 3-м ар къыщалъхуащ. Мысачэр пасэу дихьэхащ литературэм. Абы «Мамырыгъэ» зыфIища и ятIонэ усэр «Къэбэрдей пэж» газетым къытрадзащ. Куэд дэмыкIыу а газет дыдэм къытехуащ «Кореем и цIыхухэр» и етIуанэ усэр. Ахэр абы литературэ лъагъуэм тезышэ гъуэгурыгъэлъагъуэ хуэхъуащ.**

ШКОЛЫР кIыуха нэужь, пэщIэдзэ классхэр щригъаджэу ардыдэм къагъэнэжащ. Зы илъэскIэ а Iэнатlэм пэрытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Щеджа илъэсхэм ар жыджэру хэтащ литературэ гупжьейхэм.

1951 гъэм Мысачэ Пётр зрагъэIуащ Москва М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Литературэ институтым. Абы щыщIэса илъэсхэм итхащ цIэрыIуэ хъуа «Лъэпэд», «Псыгуэнсу», «КIурш псынэ» усэхэр. 1955 гъэм дунейм къытехьащ «КIурш псынэ» зыфIища и ятIонэ тхылъыр. Абы къыкIэлъыкIуащ тхылъеджэхэм критикэхэри гуапэу зыIуща «Уэращ зи фIыщIэр» етIуанэ усэ тхылъыр. Аущ Мысачэм и макъым зилъэщIу зыщIишэщIар еплIанэ («Уэгу пкIэлъей») тхылъырщ. 1956 гъэм институтыр кIыуха нэужь, Налшык къиГъэзэжри, «Советская молодежь» газетым уващ.

1957 гъэм «Іуащхьэмахуэ» журналым усэхэмкIэ и къудамэм, абы иужькIэ прозэ тхыгъэхэмкIэ отделым и редактору лэжьащ. Статьяхэр, рецензэхэр куэду итхащ. Мысачэ Петр ТхакIуэхэм я союзым 1958 гъэм хагъэхьащ.

60 гъэхэм и кIэм «Іуащхьэмахуэ» журналым къытехуэу щIидзащ Мысачэм и Іуэтэжкэр. Абыхэм къакIэлъыкIуащ «КIыужьейр мэгъагъэ» повестыр. Нарыльагъу къэхъуащ Пётр прозэмкIи зэфIэкIышхуэ зэриIэр, уеблэмэ, езы усакIуэм и псалъэкIэ жыпIэмэ, Пётр нэхъ «зыкъыщигъуэтыжар» аращ. Абы щыхьэт тохъуэ «Псыхьуэ и гуащэ» етIуанэ повестыр.

Мысачэ Пётр и зэфIэкIым щеплъыжащ драматургиеми. Ар фIы дыдэу абы кьыззрехъулIам и щыхьэтщ «Псэм и щIасэр нэм фIэдэхэщ», «Ар уи напэщ» пьесхэм кьытращыкIа спектаклхэр Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуву, илъэс куэдкIэ и репертуарым хэтауэ зэрыщытари.

А псом нэмыщIыжкIи, Мысачэр икIи зэдзэкIакIуэ Іэзэт. Апхуэдэу фIы дыдэу адыгэбзэм кьригъэтIэсащ дуней псом щызэпльащIыса драматургэ цIэрыIуэ, классическэ хъуа пьесэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Шекспир, Мольер, Шиллер сымэ я пьесэхэу «Пащтыхь Лир», «Епщлыкlуитlанэ жащ», «Тартюф», «Абраджэкэр» нэгъуэщIхэри. А пьесэхэм къадэкIуэу, Пётр зэридзэкIащ Шевченкэ Тарас, Лермонтов Михаил, Есенин Сергей, Маяковский Владимир, Кулиев Къайсын сымэ я усэхэри.

Мысачэм и тхыгъэхэр ди республикэм кьищынэмыщIауэ, къэралпсо газетхэм, журналхэм щIэх-щIэхьыпэ къытехуэу щытащ. Абыхэм ящыщхэр, «Комсомольская правда», «Литературная Россия» газетхэм, «Крестьянка», «Дружба народов» журналхэм и тхыгъэхэм щIэх-щIэхьыпэ ущрихьелIэрт. Пётр и Іэдакъэщlэкlхэр зэрадзэкIащ азербайджаниБзэкIэ, осетинибзэкIэ, абхъазыбзэкIэ.

Мысачэм и тхыгъэхэр теухуащ гуащIэдзэкIым, хэку фIыпIэгъуныгъэм, и Іуэжагъуэхэм, абыхэм я Іуэхущафэхэм, я гурыгъу-гурыщIэхэм. Адрейхэм емыщIыжу абы езым и гъащIэ къэгъэльэгъуэкIэ иIэжащ. Аращ и тхыгъэхэр мыкIуэдыжьым зыщIри.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

## МЫСАЧЭ Пётр

### Хэку лъагъуныгъэ

**Мурад нэхъыфIым сыхуэпIащIэу**
**Сытетщ гъуэгуанэ - семыIэзэ,**
**СылъэмыIэсу си гурыщIэм**
**Зэи уи деж кьэзмыгъэзэж**

**А мыкIуэщIыж си лъэкIыныгъэр -**
**Уи лъагъуныгъэ саугъэтщ;**
**Насыпыр мыухыр схуэпщIу тыгъэ,**
**Сэ уи гуфIэгъуэм сыхэбгъэтщ.**

**Уэ Іуащхьэмахуэ схуощIыр уанэ,**
**Уи кIуршыпс Іэлхэр - шыныбэпх;**
**Ди губгъуэ хуитхэрщ сэ си Іэнэр, -**
**Я нэхъ кIыр лъагэр - сэркIэ пэтхщ.**

**Кьызжеlэ закъуэ! -**
**Шым зездэшIи,**
**Мо вагъуэ щIыкIуэхэм сынэсынщ,**
**Сэ уафэхъуэпскIым сыщIыхьэнщи -**
**И пащIэр сIыгъыу кьыпхуэсшэнщ.**

**Ауэ мы зыр схуэзфIэкIкъым:**
**(Сыт сщIэн, абыкIэ зызоумыс!)**
**ПхуэсщI лъагъуныгъэм и гъунапкъэм**
**Сэ гъащIэу сиIэм сынэмыс.**

### Сыпхуэзамэ - усхуогуфIэ

**Сыпхуэзамэ усхуэгуфIэу**
**Уи нэ щIыкIуэхэр схуогъэджэгу,**
**Щэхуу си гум ущыгъафIэу**
**Кьызолъыхъуэ сэ уи гъуэгу.**

**Мазэр дыгъэм кIэлъокIуатэ -**
**ЛъащIыкъэни хулъэмкI,**
**Си гухэлъыр схуэмыIуатэу**
**И бэлыхьым сыхэмкI.**

**А уи нитIым сыщIэплъамэ,**
**СфIощIыр дыгъэр къыщIэкIа,**
**Жэщ мазэхэу сыпхуэзамэ,**
**Мазэр нуру кьыкьуэкIа.**

**Си гур хохъуэ усхуэгуфIэм,**
**Гугъэ дахэ сыбогъэщI,**
**Бохьэху си псэр уэ щIыкIафIэм,**
**Сыноплъ пэтми зызмыгъэнщI.**

### Умыгъагъэ пасэу...

**Умыгъагъэ пасэу си жыгъыщIэ,**
**Уае птехьэуэм, кьыпхуэхъунщ зэран;**
**Уэ гъатхэпэ дыгъэр уигу зыхищIэм,**
**КIыпщIамыхъу кьэсауэ уи зэман.**

**Гъэзгу гъуэмылэр зышхыжау,**
**Гъэзгуанэм**
**Укъытенэм, ухущIегъуэжьынщ,**
**Ауэ, Іэпэм уедзэкъэжкIэ, дэнэ**
**УиIэн хуей дахагъэр кьыпхыжьын...**

**Уи кьудамэ цIыкIуэхэм кьытетIысхьэу**
**Ухуэзэни уэрэд жызыIэн,**
**Уи гъэгъар лъэмысым,**
**занщIэу ихьу**
**КъыбжиIэну «къашыргъи» щIыIэнщ.**

**Ауэ ахэр гъатхэ лIыкIуэу плъэтэм -**
**Уи гъэмахуэ къакIуэм упыкIынщ,**
**Ялэ къэ борэным уэ уипхъуатэу**
**ГъащIэр хуэлэжьауэ епхьэкIынщ...**

● Гъуэздж

# Ялэ адыгэ сабий мюзикл

**УкъызыхэкIа лъэпкъым цIыку къыхэхъуамэ, гуфIэгъуэшхуэщ, ауэ имыIа гуэр къыхилъхьамэ, ар Іуэхугъуэ гъуэзэджэщ, лъэпкъым зэрызиужьыи и нэщэнэу. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым апхуэдэ лэжьыгъэфI иджыблагъэ ди пащхьэ къыщIэлъхьащ Къбр-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэу Вынджыкь Мариерэ Къул Амиррэ. Абыхэм ягъэуващ нэхъапэм димыIауэ «Бзу анэм и уэрэд» ялэ адыгэ сабий мюзикл.**

IУЭХУ щхьэпэм иращIэкIа гуфIэгъуэр дэIэтыну зыкъэрагъэхьэлIащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и тхьэмадэ Щоджэнцыкlу Леонид, Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ «Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэ Табыщ Мурат, «Урысейм и гугъапIэ» урысейпсо цIыхубз зэгухьэныгъэ КъБР-м щыIэм и къудамэр зезыгъакIуэ Черновэ Алёнэ, егъэджакIуэхэм, еджапIэм щеджэ цIыкIухэм, нэгъуэщI куэдми.

Пшыхьыр гукъынэжу иригъэкIуэкIащ ЦIыпIэнэ Асльэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ центрым и гуащэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Езауэ Мадинэ.

– Бзэм и Іузхукlэ нобэ гуныкъуэгъуэ диIэщ, адыгэбзэм ирипсалъэхэр нэхъ мащIэ хъууэ пIэрэ, жыуегъэIэри. Ауэ дигу щIэдгъэныни ди мащIэкъым. Мы Іузхур лъэпкъым дежкIэ хъугъуэфIыгъуэщ, зи еджапIэ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр анэдэлъхубзэм ирипсалъэу, утыкуэхэм щыджэгуфу долъагъури. Апхуэдэ зэфIэкI диIэ щыхъуакIэ, адэкIи дыгугъэнущ лъэпкъым и къэкIуэнум зезыгъэужьын, езыгъэфIэкIуэн щIэблэ мы цIыкIухэм кьаХэкIыну, - жиIащ зэIущIэр зэхъуэгъэIуихым Табыщ Мурат. - Сыт щыгъуи зи лэжьыгъэм егупуу икIи гурэ псэкIэ бгъэдэт Мариерэ Амиррэ и Іэдакъэщlэкlыр уасэ зимыIэщ. Ди пащхьэ къыфIэхьа лэжьыгъэ купщIафIэм хуэдэхэр нэхъыбэу къытлъыкъуэкIыну, гукъыдэж зиIэ сабийхэри адэ-анэхэри едгъэкIуэкIэхэм кьыхэша хъуну сыщогугъ. Зи еджапIэ кIуэгъуэ мыхъуа ныбжьым ит сабийхэм папщIэ министерствэм проектыщIэ кьыхэтлъхьэну ди мурадщ. Апхуэдэуи Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэр щIыщIэр фэразщи, дызыхэздэн, дызыхэплъэн гъэлъэгъуэныгъэ дахэхэр куэду Тхьэм кьыдит!

Зи унафэщI Хасэм къыбгъэдэкIыу, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ егъэфIэкIуэным жану зэрытелажьэм папщIэ Табыщым щытхъу тхыльхэр яхуигъэфэщащ «Бзу анэм и уэрэд» адыгэ сабий мюзиклыр кьызэзыгъэпэщхэмрэ абы щыджэгуа «Амикики Лэнд» гупымрэ.

- Илъэс 40 ипэкIэ мы клубым и унафэщIу сыщытащ, - жиIащ Щоджэнцыкlу Леонид кьыщыпсалъэм. - Си гуапэ хъуащ абы лъандэрэ зыужьыныгъэфIэхэр зэрызыIэрывгъэхьар. Лъэпкъым теухуауэ фщIэ, влэжь сыт хуэдэ Іуэхури зэрытхуэзфIэкIкIэ вдэтIыгъыну дыхьэзырщ. Нобэ фа фхуэзфIэкIащ бзу цIыкIухэр адыгэбзэкIэ къэгъэпсалъэн. Щэч хэлъкъым мыбдеж къырихьэлIа псоми ар ягу зэрыдыхьам.

Мюзиклым и псалъэхэри макъамэхэри зэщIыгъуу тхылъу къыдигъэкIыжащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ фондым. Тхылъ цIыкIур щхьэукIэплъыкIащ, сабийр зыдихьэхьыну жыпIхьэм итщ.

- Адыгэ сабий мюзикл дыгъэтх жысIэу зыщыкуэзгъаэзм, Амир Іэнкун къэхъуат икIи жиIащ зэрытегушхуэгъуейр, - ялэ сабий мюзиклым и къэгъэщIыкIэ хъуам тепсэлъыхьащ абы и псалъэхэр щIэзылъхьащ, усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактор Вынджыкь Марие. - Нэхъапэкlэ апхуэдэ лэжьыгъэ зэримыщIам и мызакъуэу, сабийхэми уадэлэжьэну тынштэкъым. Амир бгъэдэлъ зэфIэкIыр зыхуэдизыр сэ сщIэрт. «Псыпэр зэрыжэм псыкIэри ирожэ», жеIэ адыгэ псалъэжьым. Мы лэжьыгъэр нэсыпауи схужьIэнукъым, щыщIэныгъэхэри хэлъу къыщIэкIынщ, ауэ псыпэр щрикIуакIэ, лэжьыгъэр пызыщIэн, езыгъэфIэкIуэн Іэмал имыIэу кьытхэкIынщ. ГъэщIэгъуэнраши, мы теплъэгъуэм щыджэгъащ КъБКъУ-м и «Амикс» гупым хэтхэм я бын цIыкIухэри. Ахэр лъагъуэ дахэм ирокIуэ, Тхьэм кьахуэзэпищэ!

Хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ мюзиклыр адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм ипэкIэ хэмытауэ зэрыщытыр. Режиссёр Къул Даянэ, кьафэ тхыпхъэхэр зэхэзылъхьа балейместер щIалэ Джэшей Албэч, нэгъуэщI ныбжьыщIэ куэди кьыхэша хъуащ Іуэхум. Сабийхэм я ныбжьым теуХуауэ жаIэ псалъэхэм я кьыхэхъыкIа-ри, къагъэлъагъуэ Іыхьэм макъамэр зэрыщIэлъ щIыкIэми, зэрыт образым ехьэлIауэ зэрыхуэпаХэми, утыкум зэпыу имыIэу жыз ящIэту игъуэм тету сабийхэри ныбжьыщIэхэри зэрыщыджэгуами арэзы укъащIыр. Сценэр дахэу иджырей Іэмалхэмкlи, Іэрыщlхэмкlи екIуу кьызэгъэпэща хъуат, мэзым ущIэсу кьыпфIигъэщIыу.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Іутlыж Борис и ныбжьыр илъэс 76-рэ щрикъуам ирихьэлIэу усакIуэшхэм и «Нартхэ я дыгъэ» драмэ-поэмэм Къул Амир ялэу адыгэ мюзикл къытрищIыкIауэ щытащ. Ар шэч хэмылъу лъэпкъым и тхыдэм къыхэха лэжьыгъэ купщIафIэщ. Абы иджы адэкIэ къыпащащ.

Шэч хэлъкъым, сабийхэм я дежкIэ «Бзу анэм и уэрэд» мюзиклыр зэрыщIэщыгъуэм. Иджырей зэманым махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу къэжьэ технологиещIэхэр и щхьэусыгъуэу псалъэ гущIэ кьудейр хуримыкьункIэ хъунщ сабийр бгъэсэн, ебгъэджэн папщIэ. Нэхъапэкlэ ямыгъэуэу икIи зэкамыхауэ цIыкIуэр мюзиклым нэгъуэщIынэкIэ зэрелъынур гурыIуэгъуэщ. Апхуэдэ Іэмалыщ Іэм сабийр хуагъасэ пцIы бупс зэрымыхъунум, удыгъунэкIэ Іэмал зэримыIэм, фыгъуэным фIы лъэпкъ къызэримыхьам. Мэзым щыпсэу бзу цIыкIуэм я зэхэтыкIэм иригъэлIэ хуэдэурэ, сабийр абы лъэныкъуэ куэдкIэ егъэIуц. Псалъэм папщIэ, хьэлэлу узэрыщытыным, пажьгъэм узэрытетным, хьэл-щэн дахэ зэрыпхэлъыным, цIыхугъэ узэриIэным, нэгъуэщIхэми.

«Бзу анэм и уэрэд» лэжьыгъэм гугъу зыдезыгъэхьахэми щыIэзыгъэхъуахэми Къул Амир фIыщIэ яхуищIащ. Псом хуэмыдэу артист ныбжьыщIэхэм куэдкIэ зэращыгугъыр и псалъэхэм кьыхигъэщащ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ТАБЫЩ Динарэ** *ейщ.*

● Бахъсэн щIыналъэ

## Боченков и щапхъэ

**Кременчуг-Константиновскэ жылэм дэт курыт школым и армеец ныбжьыщIэхэр зауэм хэта ветеранхэм яIущащ. Зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэр Теклъэныгъэр ди къэралым къыхуэзыхьа нэхъыжьхэм я зауэ гъуэгуанэм зыщыгъэгъуэзэнымрэ, абыхэм яхуэфащэ пщIэрэ щIыхьэ яхуэщIынымрэщ.**

МЫ МАХУЭХЭМ щIыкIуэхэр щыIащ зауэм и ветеран Боченков Василий и унагъуэм. Ар ныбжьыщIэхэм икъуэкIэ къащIигуфIыкIащ, къыхэпича зауэ гъуэгуанэ хъэлъэм теуХуа хъыбархэми щIигъэдэIуащ. Бын унагъуэшхуэм къыхэкIа щIалэр цIыкIум 7-нэ классыр кьиуха къудейуэ Хэку зауэшхуэм щIидзащ, арщхьэкIэ щIалэр зауэм ягъэкIуакъым: иджыри сабийт, къащынэмыщIауэ, Хэкур зыхуэныкъуэр фронтым щыIэ зауэлIхэр щIакхъуэкIэ зыIыгъын мэкъумэшыщIэхэрт. Василий тыл лэжьигъэр кьрихьэлIащ. Иужькlэ ар фронтым ираджащ. Зенитнэ частым хэту ар зауэлI кьалэным ялэу щыпэрыхьащ Мариуполь, Харьков и Іэгъуэблагъэхэм.

Зауэ нэужьым Боченковым иджыри илъэси 7-кIэ Совет Армэм дзэ къулыкъур щIрихьэкIащ, къэрал дамыгъэ лъапIэхэри кьыхуагъэфэщащ. Лэжьыгъэ хьэлъэри, зауэ гъуэгуанэри и псэ емыблэжу кьезыхьэлIа нэхъыжьым зытепсэлъыхьынрэ игу кьигъэжьынрэ и гъунэжт. Апхуэдэу абы армеец ныбжьыщIэхэр кьыхуриджащ хэкупсэу, мамырыгъэм и телъхьэу щытынхэу.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**Урысей Федерацым футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм щызэхэт зэхьэзэхуэм мыгувэу щыщIэзыдзэжьыну «Спартак-Налшыкым» ещанэ, кIэух, зыгъэсэгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щызэхуиблащ.**

МАЗАЕМ и 21-м щыщIэдзауэ иригъэкIуэкI зыгъэсэныгъэм «Спартак-Налшыкым» нэхъ тегъэщIапIэ щищIыну гупым хэтхэм джэгуплэ губгъуэм щаIэну зэгурыIуэныгъэр егъэфIэкIуэныгъэ. Абы папщIэ зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэ зыбжанэ кьызэрагъэпэщынкъ. Ипэкэр бэрэжьей кIуам Налшык и «ДыгъафIэ кьалэ» сабий академием и стадионым щызэхэтащ. Зым иухыным адрейм щIидзэу, сыхьэт 13-мрэ 15-мрэ, ди щIалэхэр Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м тIэунейрэ дджэгуащ. Дауи, хэтахэри гупитIу гъэшат - щIэзыдзэныну урысейпсо зэхьэзэхуэм нэхъ зыщыгугъэхэмрэ ахэр зыхъуэжьыну зыхуагъэфащэхэмрэ. Ипэм «Спартак-Налшыкым» и щIыхьэ щIахъащащ Щоджэным, КIэдыкIуейм, Ольмезовым, Белоусовым, Сындыкум, Хьэшырым, Клышэ, Дахъуэ, Іэпщащэм, Машэжьым, Бацэм. ЕтIуанэм дагъыстэнхэм щапIэщIэтащ Къардэныр (Къумыкъуэр, 60), Запалацкэр, Шумахуэр, Молэмусэр, Дзэмыхьыр, Салахетдиновыр, Тороссян, Уэрэзейр, Апажэр (Іащыныр, 46), Ашур, Хьутlэр.

Футболист 50-м щIигъу ІэныкъуитlымкIи къащрихьэлIэу псори зэхэту сыхьэтищIкIэ екIуэкIа зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэхэр бжыгъэр кьызэIуамыхауэ иухащ. «Спартак-Налшыкми» «Анжи»-ми яхуэзфIэкIакъым зым и гъуэм адрейм зы тхэкъ мыхъуми дигъэкIыну.

«Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и унафэщI Мэшыкъуэ Асльэн хъыбар кьызэрыдиГъэщIамкIэ, кьыкIэлъыкIуэ зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэр ди командэм дригъэкIыкIынущ Орехово-Зуевэ и «Знамя труда»-м. Ахэр щызэхуэзэнур Налшыкми Нартсанэми (Кисловодскми) зэкIэ трауухъакъым.

Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» футболистилIэ зэуэ хагъэхьащ. Ахэр нэхъапэм Черкесск и «Интер»-м хэта гъуащхьэхъуэ Шумахуэ Заур, гъащхьэхъуэмэныкъуэзэу Уэрэзей Исльамрэ Торосян Севадзрэ, гъуащхьаэу Хьутlэ Анзор сымэщ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

### Наркотикхэр къытрах

**Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм наркотикхэр зэрызэграгъэкIуэкIым кIэлъыплъыныжьмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм, участковэ уполномоченнэхэр ящIыгъуу, Головко и уэрамым къащагъэувыIащ блэкI цIыхухъур.**

ИПЪЭС 35-рэ зи ныбжь бахьсэндэсыр кьыщащым, полицейхэм абы къыкъуахащ пкъыгъуэ зэрыльэ полимер зэкIуэцIышыхьа.

ИрагъэкIуэкIа экспертизэм къызэригъэльэгъуащIыхьа, къытрахар грамм 1,40-рэ хъу героин наркотикхэкIщ.

Шэч зыхуащIым теуХуа уголовнэ Іуэху къаIэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 228-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм (хабзэм къемызэгъыу наркотикхэкIхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр е абыхэм хуэдэхэр зыIэрыгъэхьэн, хьумэн, гъэIэпхъуэн, гъэхьэзырын) ипкъ иткIэ.

### ДыгъуакIуэр яубыд

**Урысей МВД-м Аруан районымкIэ и къудамэм и плъыр-пост къулыкъум и гупым, Нарткъалэ и нэIэм щыщIэт административнэ щIыпIэм къалэныр щрахьэкIыу, гу лъатащ тетIысхьэпIэм тес цIыхубзым. Абы пакетым къридзырт хьэпшыпхэмрэ зэкIуэцIылъ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ.**

КъЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭР ирагъэкIуэкIын, ар хэтми яубзыхун папщIэ, ППС-м и лэжьакIуэхэм цIыхубзыр полицэм и къудамэм яшащ.

А зэман дыдэм Урысей МВД-м Аруан районымкIэ и къудамэм и плъыр частым кьыIэрыхьащ тыкуэнхэм я зым и унафэщIым кьыбгъэдэкI тхылъ. Абы зэритымкIэ, имыщIыху цIыхубзым, тыкуэным и сату пэшым щыIэу идыгъащ хъэпшыпхэмрэ косметикэрэ икIи сом 7910-рэ хэщIыныгъэ кьритащ.

Іуэхум ящхьэ ихьа полицейхэм къыщIагъэщащ дызыгъакIуэр къудамэм къаша, нэхъапэм суд зытращIыха налшыкдэс цIыхубзыр арауэ зэрыщытыр.

Кьидигъуэ хьэпшыпхэр къытрахыжащ. Уголовнэ Іуэху къаIэтащ.

### Сом мини 196-м щIигъу

**Блэкlа зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым телефонкIэ цIыхуитI къыщагъэпIащ. Абыхэм Іэщlахащ сом 196 555-рэ.**

Тэрч районым щыпсэу илъэс 29-рэ зи ныбжь цIыхухъум деж къэпсэлъащ имыцIыхур. Банкым щIыхьэ зыт и къудамэм и лэжьакIуэу абы зыкъыгъэльагъуэщ икIи кредит къратыныр хуигъэхъэзырыну къыжриIэри, езым теухуауэ зыхуеинуэхэр зриГъэщIащ. Иужькlэ абы зыIэриГъэхьащ тэрэдзэм и ахъшэ сом 120 555-рэ.

Апхуэдэ Іуэхугъэм щатхащ Налшык къалэмэ. Илъэс 41-рэ зи ныбжьым, банк лэжьакIуэ нэпцIым езым ехьэлIа хъыбархэр жриIэри, сом мин 76-рэ фIэкIуэдащ.

Уголовнэ Іуэхуэр къаIэтащ.

***Полицэм фигу кьегъэжIыкI набдзэгубдзаплъагъэр фи мылъкум и шынагъуэнщагъэм и шэсыпIэу зэрыщытыр.***

***Зыми евмыгъащIэ банк картэм и PIN-кодымрэ CVV2-кодымрэ (картэм и щIыбагъэмкIэ тет бжыгъэхэр), апхуэдэуи ар къыщыбгъэсэбэп хъуну пIалъэмрэ зейм теуХуа хъыбарымрэ. Зы банки телефонкIэ щIэупщIэнукъым фи реквизитхэм. Фи счётым ахъшэ къралъхьэн папщIэ зыхуейр картэм тет бжыгъэ 16 хъу номерыщ.***

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

# Сыхьэтищым зы топи яхудэгъэкIакъым

● Футбол

МАЗАЕМ и 21-м щыщIэдзауэ иригъэкIуэкI зыгъэсэныгъэм «Спартак-Налшыкым» нэхъ тегъэщIапIэ щищIыну гупым хэтхэм джэгуплэ губгъуэм щаIэну зэгурыIуэныгъэр егъэфIэкIуэныгъэ. Абы папщIэ зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэ зыбжанэ кьызэрагъэпэщынущ. Ипэкэр бэрэжьей кIуам Налшык и «ДыгъафIэ кьалэ» сабий академием и стадионым щызэхэтащ. Зым иухыным адрейм щIидзэу, сыхьэт 13-мрэ 15-мрэ, ди щIалэхэр Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м тIэунейрэ дджэгуащ. Дауи, хэтахэри гупитIу гъэшат - щIэзыдзэныну урысейпсо зэхьэзэхуэм нэхъ зыщыгугъэхэмрэ ахэр зыхъуэжьыну зыхуагъэфащэхэмрэ. Ипэм «Спартак-Налшыкым» и щIыхьэ щIахъащащ Щоджэным, КIэдыкIуейм, Ольмезовым, Белоусовым, Сындыкум, Хьэшырым, Клышэ, Дахъуэ, Іэпщащэм, Машэжьым, Бацэм. ЕтIуанэм дагъыстэнхэм щапIэщIэтащ Къардэныр (Къумыкъуэр, 60), Запалацкэр, Шумахуэр, Молэмусэр, Дзэмыхьыр, Салахетдиновыр, Тороссян, Уэрэзейр, Апажэр (Іащыныр, 46), Ашур, Хьутlэр.

Футболист 50-м щIигъу ІэныкъуитlымкIи къащрихьэлIэу псори зэхэту сыхьэтищIкIэ екIуэкIа зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэхэр бжыгъэр кьызэIуамыхауэ иухащ. «Спартак-Налшыкми» «Анжи»-ми яхуэзфIэкIакъым зым и гъуэм адрейм зы тхэкъ мыхъуми дигъэкIыну.

«Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и унафэщI Мэшыкъуэ Асльэн хъыбар кьызэрыдиГъэщIамкIэ, кьыкIэлъыкIуэ зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэр ди командэм дригъэкIыкIынущ Орехово-Зуевэ и «Знамя труда»-м. Ахэр щызэхуэзэнур Налшыкми Нартсанэми (Кисловодскми) зэкIэ трауухъакъым.

Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» футболистилIэ зэуэ хагъэхьащ. Ахэр нэхъапэм Черкесск и «Интер»-м хэта гъуащхьэхъуэ Шумахуэ Заур, гъащхьэхъуэмэныкъуэзэу Уэрэзей Исльамрэ Торосян Севадзрэ, гъуащхьаэу Хьутlэ Анзор сымэщ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

# Пелуанхэр утыку йохьэ

**Адлер къалэм щекIуэкIащ атлетикэ псынщIэмкIэ «Богатырь» урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа спортсмен 200-м щигъу.**

ДИСКЫР гъэльэтэныкIэ цIыхухъухэм я зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр (метр 59-рэ сантиметр 39-рэ) щиубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, Олимп резерв щагъэхьэзыр школым и спортсмен Добренький Александр. Ялэ увыпIэр къэзыхьа Худяков Алексей дискыр игъэлъэтащ метр 61-рэ сантиметр 62-кIэ. Добренький Александр ягъасэ Жуков А., Артамонов А. сымэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**

**Жьэкlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къарэм Маринэ, Къумахуэ Асльэн, НэщIэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмышщ Иэз.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узышIагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыдэкIа бжыгъэхэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епIыкIэр зэтехуу зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгъэ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Индексыр П 5894 ●Тираж 2.152● Заказ №384


*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Дышэкl Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **Нэуэкъокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр зыдыщIащ* **Дот Маринэ, Бешто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.